

**NGINDHAKAKEN KETRAMPILAN NYERAT TEKS PACELATHON UNGGAH-
UNGGUH JAWI KANTHI NGGINAKAKEN *MEDIA POP UP* WONTEN KELAS VII
D SMP N 3 PAJANGAN BANTUL YOGYAKARTA**

***E-JOURNAL* SKRIPSI**

Dipun-ajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Jejangkeping Sarat
Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan



Dening :
Nofi Mahanani
NIM. 14205244008

Yogyakarta, 23 Juli 2018

Pembimbing



Dr. Afendy Widayat, M. Phil.
NIP. 19620416 199203 1 002

Yogyakarta, 23 Juli 2018

Ketua Jurusan



Prof. Dr. Suwardi, M. Hum.
NIP. 19640403 199001 1 004

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**

2018

NGINDHAKAKEN KETRAMPILAN NYERAT TEKS PACELATHON UNGGAH-UNGGUH KANTHI NGGINAKAKEN *MEDIA POP UP* WONTEN KELAS VII D SMP N 3 PAJANGAN

INCREASE THE WRITING SKILL IN JAVANESE CONVERSATION BY USING POP UP MEDIA FOR VII D SMP N 3 PAJANGAN

Dening: Nofi Mahanani, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta nofimahanani7@gmail.com

SariningPanaliten

Panaliten menika ancasipun kangge ngindhakaken ketrampilan nyerat teks pacelathon unggah-ungguh Jawi kanthi ngginakaken *media pop up* siswa kelas VII D SMP N 3 Pajangan. Panaliten menika wujudipun panaliten *tindakan* kelas (PTK) ingkang dipuntindakaken ing SMP N 3 Pajangan. Subjek panalitenipun siswa kelas VII D ingkang gunggungipun 32 siswa. Panaliten menika kasusun saking kalih *siklus*. Panaliten menika dipuntindakaken kanthi cara *kolaboratif* antawisipun panaliti kaliyan guru mata pelajaran basa Jawi SMP N 3 Pajangan. Cara ngempalaken dhata ing panaliten arupi *tes praktek* nyerat teks pacelathon unggah-ungguh, *tes pemahaman* unggah-ungguh, *observasi*, cathetan lapangan, wawanpangandikan, saha *dokumentasi*. Piranti panaliten menika arupi lembar *pengamatan*, *tes* saha pandom wawanrembag. Dhata dipunanalisis kanthi cara *deskriptif*, *Validitas* dhata dipuntindakaken mawi *validitas proses*, *validitas demokratis* saha *validitas dialogis*. *Reliabilitas* dhata dipuntindakaken mawi *metode triangulasi sumber* saha *triangulasi metode*. Asil panaliten menika nedahaken bilih pasinaon nyerat teks pacelathon unggah-ungguh kanthi ngginakaken *media pop up* saged ngindhakaken ketrampilan nyerat teks pacelathon unggah-ungguh siswa kelas VII D SMP N 3 Pajangan. Mindhaking asil saged dipunpirsani saking biji rata-rata praktek nyerat teks pacelathon unggah-ungguh siswa saking *tahap pratindakan* ngantos *siklus II*. Biji rata-rata praktek ing tahap pratindakan menika agengipun 5,91; wonten *siklus I* agengipun 7,19; saha ing wonten *siklus II* menika agengipun 8,83. Dene saking *tahap pratindakan* ngantos *siklus II* menika agengipun 2,92 utawi 49,5%. Kejawi saking asil praktek nyerat mindhaking asil ugi saged dipuntingali saking asiling *tes pemahaman* unggah-ungguh siswa ing *tahap pratindakan* ngantos *siklus II*. Biji rata-rata *tes pemahaman* unggah-ungguh ing *tahap pratindakan* menika pikantuk 46,88 kasiling; *Siklus I* pikantuk 62,8 kanthi prosentasil kasil; saha wonten *siklus II* 88,13. Dene saking *tahap pratindakan* dumugi *siklus II* indhakan biji rata-ratanipun 41,25.

Abstract

his research is aimed to increase the writing skill in Javanese conversation by using pop up media for VII D SMP N 3 Pajangan students. This research is experimental research conducted at SMP N 3 Pajangan. Research subjects are 32 VII D students. This research is divided into 2 cycles. This research was conducted through collaboration between researcher and Javanese teacher at SMP N 3 Pajangan. Data collecting was conducted by writing conversation, understanding test, observation, field notes, interview, and documentation. Research tools are observation sheet, test, and interview guidelines. The data were analyzed by the validation process, democratic validation, and dialogical validation. Data reliability

was conducted by source triangulation and method triangulation. Research result shows that writing conversation text by using pop up media can increase the VII D SMP N 3 Pajangan students' writing capability. This increase can be seen in the learning processes: The increasing student learning result can be seen from the average of writing conversation text from pre-action to the second cycle. The average score in the pre-action cycle is 5.91, first cycle 7.19, and second cycle is 8.83. The increasing from pre-action to the first cycle amounts to 2.29 or 49.5%. The increasing of the result also can be seen from the result of the understanding test from pre-action to the second cycle. The average score in pre-action is 46.88, the first cycle is 62.8, and the second cycle is 88.13. The increasing from pre-action to the second cycle amounts to 41.25.

PURWAKA

Unggah-ungguh wonten ing masarakat Jawi kedah dipungatosaken, amargi saking unggah-ungguh saged mangaribawani pambeganipun tiyang. Supados anggenipun sesambetan kaliyan tiyang sanes tebih saking panyendu, tiyang kedah mangertos unggah-ungguh saha tatakrama. Unggah-ungguh saged dipuntegesi sopansantun, tata krama tata pagesangan, kurmat-ngormati antawisipun sesami.

Unggah-ungguh dados salah satunggaling materi ingkang kedah dipunwucalaken dhateng siswa SMP mliginipun kelas VII. Kawontenan menika jumbuh kaliyan kurikulum ingkang dipunginakaken inggih Kurikulum 2013. Kompetensi Dasar ingkang gayut inggih 4.1 *Menyusun teks lisan sesuai unggah-ungguh Jawa untuk keperluan sederhana.*

Wonten ing pasinaon siswa kedah nggayuh indikator ingkang sampun dipuntemtokaken inggih 1). *Siswa dapat menuliskan teks percakapan unggah-ungguh Jawa dengan tepat.*

Miturut asil *observasi* wonten ing SMP N 3 Pajangan, saged dipunmangertosi bilih kaprigelan nyerat teks pacelathon unggah-ungguh siswa SMP N 3 Pajangan kirang *optimal*, prekawis menika saged dipuntingali saking kalepatan asiling seratan siswa saking segi wujud saha wosipun seratan.

Ancasipun piwulangan saged kagayuh menawi wonten aspek-aspek ingkang biyantu pasinaon, kadosta buku pasinaon, *media* pasinaon, *teknik* saha metode ingkang dipuntrapaken wonten ing piwulangan.

Metode wonten ing piwulangan ugi nyengkuyung kagayuhipun pasinaon. Metode utawi teknik piwulangan ingkang variasi saged nuwuhaken kawigatosan siswa saengga siswa dados *aktif* saha *kreatif*. Mekaten ugi kanthi ngginakaken *media* pasinaon. Ngginakaken *media* pasinaon kanthi trep saha *variasi* saged nuwuhaken *motivasi* saha ngindhakaken prestasi siswa.

Salahsatunggaling media ingkang dipunginakaken kangge nggampilaken siswa ngindhakaken kaprigelan nyerat teks pacelathon unggah-ungguh Jawi inggih *media Pop UP*. *Media Pop Up* dipunpitadosi saged ngindhakaken kaprigelan nyerat amargi wujudipun *konkret* (nyata), terwaca, gampang dipunginakaken saha *praktis*. Kanthi mekaten siswa langkung *antusias* anggenipun sinau basa Jawi mliginipun babagan unggah-ungguh basa.

Adhedhasar watesaning prakawis ingkang sampun dipunandharaken ing nginggil, wosing prakawis ingkang saged dipunrembag kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Kadospundi asiling proses pasinaon nyerat teks pacelathon unggah-ungguh kanthi ngginakaken media Pop-up wonten ing kelas VII D SMP N 3 Pajangan?
2. Kadospundi asiling prestasi nyerat teks unggah-ungguh siswa nalika ngginakaken *media pop up*?

Jumbuh kaliyan wosing perkawis ing nginggil ancasipun panaliten inggih menika: kangge ngindhakaken kaprigelan nyerat teks pacelathon unggah-ungguh Jawi kanthi ngginakaken *pop up* wonten kelas VII D SMP N 3 Pajangan.

Miturut Harjawiyana (2001:3) unggah-ungguh basa Jawi menika pratananing basa miturut lenggahing tatakrama. Miturut Sastrowardojo lumantar Endraswara (2006:40) ngandharaken bilih tembung unggah-ungguh saha tatakrama boten kantun tegesipun, kekalihipun sami ngrujuk kaliyan istilah subasita, inggih menika aturan ingkang sae kangge paring pasinaon sopan santun masarakat.

Tarigan, (1986: 3) ngandharaken bilih ketrampilan nyerat inggih satunggaling kaprigelan basa ingkang dipunginakaken kangge komunikasi kanthi boten pinanggih langsung kaliyan tiyang sanes. Wonten ing kagiyatan nyerat menika panyerat kedah prigel ngginakaken struktur basa saha kosa kata.

CARA PANALITEN

Panaliten menika kalebet jinis Panaliten Tindakan Kelas (PTK). *Penelitian Tindakan Kelas* inggih menika salah satunggaling jinis panaliten ingkang asipat *reflektif* kanthi nglampahi tindakan-tindakan tartamtu supados saged ngindhakaken praktik-praktik pasinaon wonten ing kelas kanthi langkung profesional (Suroso 2009:30).

Subjek Panaliten menika inggih siswa kelas VII D SMP N 3 Pajangan Bantul Yogyakarta. Objek panaliten menika inggih proses piwulangan nyerat

unggah-ungguh Jawi saha kaprigelan nyerat teks pacelathon unggah-ungguh Jawi siswa SMP N 3 Pajangan kanthi ngginakaken media *pop up*.

Panaliten tidakan kelas inggih menika panaliten ingkang kastruktur. Kemmis saha MC Taggart (lumantar Suharsimi Arikunto, 2006 :93), ngandharaken bilih panaliten menika kasusun saking mapinten-pinten siklus. Setiap siklus taksih wonten mapinten-pinten komponen ingkang kedah dipungatosaken kaliyan panaliti inggih menika:1). Perencanaan (*Planning*), (2) tindakan (*action*) saha observasi (*observation*), sarta (3) refleksi (*reflection*).

Caranipun ngempalaken dhata wonten panaliten menika ngginakaken *teknik observasi* (cathetan lapangan), wawanrembag, *dokumentasi*, tes ingkang kasusun saking *pre test* saha *post tes*, tes ingkang dipunginakaken inggih tes pemahaman unggah-ungguh saha tes nyerat teks pacelathon unggah-ungguh Jawi.

Suharsimi arikunto, (2006: 160) nedahaken bilih intrumen panaliten inggih satunggaling piranti utawi *fasilitas* ingkang dipunginakaken panaliti kangge ngempalaken data. Instrumen panaliten ingkang dipunginakaken wonten ing

panaliten menika *lembar* pengamatan lumpahing pasinaon, soal, *lembar penilaian*, *pandom wawanrembag*, piranti *dokumentasi* (kamera).

Panaliten menika migunakaken cara analisis deskriptif. *Deskriptif* menika *teknik* pangolahing dhata mawi cara ngandharaken menapa wontenipun (*fakta*) ingkang dipunatuk saking asiling panaliten kanthi ancas mangertosi indhaking *aktivitas* pasinaon, kaprigelan nyerat teks pacelathon unggah-ungguh. *Analisis* dhata dipuntindakaken mawi sekawan tahap inggih, *identifikasi*, *display* dhata, saha *verifikasi*.

Wonten ing ngandhap menika ngengingi *tahap analisis* dhata :

1. *Identifikasi* dhata menika ningali dhata kanthi tiliti ingkang dipuntindakaken mawi cara milih rumiyin layak menapa boten dhata saking asiling wawanrembag, cathetan lapangan, *lembar* pengamatan, asil tes nyerat teks pacelathon unggah-ungguh saha asiling *dokumentasi*.
2. *Klasifikasi* dipuntindakaken mawi cara ngempalaken dhata wonten *indikator* kasiling panaliten *tindakan* kelas, inggih indikator kasil botenipun asiling panaliten, saha *indikator* kasil botenipun *proses* pasinaon. Indikator saking kasiling *proses* dipunanalisis adhedhasar saking kawontenanipun

siswa nlika proses pasinaon ing kelas, ewondene kasiling unggah-ungguh dipunanalisis adhedhasar asiling tes pemahaman unggah-ungguh saha praktek nyerat teks pacelathon unggah-ungguh.

3. *Display* dhata menika arupi *tahapan* kangge ngandharaken dhata mawi wujud *tabel, grafik* saha andharan bab *intrepretasi* saha *eksplanasi* dhata. *Interpretasi* dhata dipuntindakakrn kanthi cara ngandharaken dhata ingkang sampun dipunpanggihakaen mawi wujud *tabel* saha *grafik*. *Eksplanasi* dhata dipuntindakaken mawi cara ngandharaken dhata kasebat kanthi wujud andharan mindhak saha mandhapipun kaprigelan nyerat teks pacelathon unggah-ungguh siswa.
4. *Verifikasi* menika tahapan kangge ndhudut panaliten adhedhasar dhata ingkang saderengipun sampun dipunanalisis.

Panaliten *tindakan kelas* menika dipuntindhakaken teras kanthi siklus-siklus ingkang sampun dipunrancang dumugi nggayuh asil ingkang sampun dipunkersakaken. Dhata ingkang dipunkempalaken kedah dipunmangertosi *taraf validitas* saha reabilitasipun, saengga saged dipuntanggjawabani.

Proses panaliten wonten gangsal kriteria validitas inggih *validitas*

demokratik, validitas asil, validitas proses, validitas katalik, validitas dialogis (Madya, 2007: 37-45). Ananging wonten ing panaliten menika namung tigang validitas data ingkang dipunginakaken inggih : validitas demokratis, validitas proses saha validitas dialogis. Wondene trianggulasi ingkang dipunginakaken inggih trianggulasi sumber saha trianggulasi metode.

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

- A. Kawontenanipun Siswa ing *Proses Pasinaon Nyerat Teks Pacelathon* kanthi Ngginakaken *Media Pop Up* saking *Tahap Pratindakan - Siklus II*.

Tabel 21. Tetandhing Kawontenipun Siswa wonten *Proses Pasinaon Nyerat Teks Pacelathon* kanthi Ngginakaken *Media Pop Up* saking *Tahap Pratindakan* ngantos *Siklus II*

No	Aspek ingkang dipunamati	Pratindakan	Siklus I	Siklus II
1.	Siswa wantun suka pamanggih bab <i>materi pasinaon</i>	K	C	C
2.	Siswa wantun suka pitakenan bab <i>materi pasinaon</i>	C	C	S
3.	Siswa wantun mangsuli pitakenan saking guru bab <i>materi pasinaon</i>	C	S	S
4.	Gregetipun siswa nalika garap tugas	C	S	S

Katrangan :

Sae Sanget (SS) : 25-32 siswa (76%-100%)

Sae (S) : 17-24 siswa (51%-75%)

Cekap (C) : 9-16 siswa (26%-50%)

Kirang (K) : 1-8 siswa (0%-25%)

Katrangan : gunggung siswa ingkang *aktif* ing pasinaon

Adhedhasar asiling *observasi* antawis *kolaborator* kaliyan panaliti, pasinaon nyerat teks pacelathon unggah-ungguh menika saged ndadosaken swasana pasinaon menika langkung narik kawigatosanipun siswa saha siswa saged ngraos remen nalika ndherek pasinaon. Kejawi menika, kawontenanipun siswa langkung *aktif* ing pasinaon satemah saged dipunpendhet dudutan bilih kanthi ngginakaken *media pop up* menika saged ngindhakaken *proses* pasinaon nyerat teks pacelathon unggah-ungguh.

B. Mindhaking Aspek Pambijining Praktek Nyerat Teks Pacelathon Unggah-ungguh Jawi mawi Media Pop Up saking Pratindakan- Siklus II.

Tabel 22. Tetandhingan Skor Rata-rata Saben Aspek Pambijining Praktek Nyerat Teks Pacelathon Unggah-ungguh Jawi saking Pratindakan- Siklus II.

No	Aspek ingkangDipunbiji	Pratindakan	Siklus I	Siklus II	Indhakan	
					Setisih	%
1	Aspek Kesesuaian Isi	2,47	3,88	4,47	2	6,25%
2	Aspek Organisasi Isi	9,81	11,47	13,94	4,13	13%
3	Aspek Mekanika					
	Tulisan	2,50	2,72	3,66	1,16	3,7%
	Gunggung	14,78	18,07	22,07	7,29	22,8%
	Rata-rata	5,91	7,19	8,83	2,92	49,5%

1. Aspek Kesesuaian Isi

Skor rata-rata kaprigelan nyerat teks pacelathon siswa ing aspek kesesuaian isi mindhak saking *tahap pratindakan-siklus II*. Skor rata-rata *aspek kesesuaian isi* ing *tahap pratindakan* menika 2,47

wonten *siklus I* mindhak dados 3,88 ing *siklus II* 4,47




Diagram Mindhaking Aspek Kesesuaian Isi saking Tahap Pratindakan ngantos Siklus II

Mindhaking *skor* rata-rata saking *pratindakan* ngantos *siklus I* agengipun 1,41. Mindhaking *aspek kesesuaian isi* ing *siklus I* kados andharan menika. siswa siswa S5 ing tahap *pratindakan* boten nyebataken pesan moralipun saha boten nyebataken settingipun. Dene ing *siklus I* siswa S5 sampun nyebataken pesan moralipun. Mindhaking *skor* rata-rata saking *siklus I* ngantos *siklus II* menika agengipun 0,59. Wonten *aspek kesesuaian isi* saking *tahap ptatindakan* dumugi *siklus II* menika indhakakipun 2 kanthi *prosentase* 6,25%.

2. Aspek Organisasi Isi

Skor rata-rata ketrampilan nyerat teks pacelathon siswa ing aspek organisasi isi mindhak saking *tahap pratindakan-siklus II*. Skor rata-rata *aspek kesesuaian isi* ing *tahap pratindakan* menika 9,81 wonten *siklus I* mindhak dados 11,47 ing *siklus II* 13,94.




Diagram Mindhaking Aspek Organisasi Isi saking Tahap Pratindkaan ngantos Siklus II

Mindhaking skor rata-rata saking *pratindakan* ngantos *siklus I* agengipun 1,66. Mindhaking aspek organisasi isi ing *siklus I* kados andharan menika. Siswa S5 ing *tahap pratindakan* anggenipun wicantenan kirang trep bocah kaliyan tiyang sepuh tasih nggginakaken basa ngoko alus, kedahipun nggginakaken basa krama inggil. Siswa S7 matur kaliyan bapak kanthi ukara **“nggeh pak tak jupuke riyin**. Siswa S7 ugi matur kaliyan simbah nggginakaken basa ngoko alus, ukaranipun inggih **“mbah kula nyuwun didongengke critane simbah jaman riyin”**.

Dene ing *siklus I* langkung kathah siswa ingkang sampun leres anggenipun nggginakaken unggah-ungguh basa. Siswa S7 wicantenan kaliyan tukang bakso ingkang langkung sepuh nggginakaken basa krama inggil, ukaranipun inggih **“Pak kula tumbas bakso tingangewu kemawon, boten ngagem kecap nggih”**, menika ngandharaken bilih siswa S7 sampun leres anggenipun nggginakaken unggah-ungguh basa.

Mindhaking skor rata-rata saking *siklus I* ngantos *siklus II* menika agengipun 2,47 mindhaking aspek *kesesuaian isi* ing *siklus II* kados andharan menika. Kakirangan ingkang dipunpanggihaken siswa S1 ing *siklus II* antawisipun

Wonten aspek kesesuaian isi saking *tahap pratindakan* dumugi *siklus II* menika indhakaknipun 4,13 kanthi prosentase 13%.

3. Aspek Mekanika Tulisan

Skor rata-rata kaprigelan nyerat teks pacelathon siswa ing aspek mekanika tulisan mindhak saking *tahap pratindakan -siklus II*. Skor rata-rata aspek kesesuaian isi ing *tahap pratindakan* menika 2,50 wonten *siklus I* mindhak dados 2,72 ing *siklus II* 3,66. Wonten ngandhap menika diagram ingkang nggambaraken mindhaking skor rata-rata aspek mekanika tulisan ing praktek nyerat teks pacelathon unggah-ungguh kanthi nggginakaken *media pop up* siswa.




Diagram Mindhaking Aspek Mekanika Tulisan saking Tahap Pratindkaan ngantos Siklus II

Mindhaking *skor* rata-rata saking *pratindakan* ngantos *siklus I* agengipun 0,22. Mindhaking *aspek oraganisasi isi* ing *siklus I* kados andharan menika. Siswa S22 ing *tahap pratindakan* anggenipun nyerat teks pacelathon taksih kathah klentinipun, tembung ingkang klentu anggenipun nyerat inggih **“esok, urong, gowo, sampon, ngeh, papak, dongonipun, nyuwon, banyor, nutop.** dene ing *siklus I* siswa S22 ugi taksih wonten klentunipun anggenipun nyerat, ananging boten sekathah ing *tahap pratindakan*, kados tembung **“pada, kro, opo, ngeh.**

Mindhaking *skor* rata-rata saking *siklus I* ngantos *siklus II* menika agengipun 0,94 mindhaking *aspek mekanika tulisan* ing *siklus II* kados andharan menika. Kakirangan ingkang dipunpanggihaken siswa S1 ing *siklus II* antawisipun, taksih wonten tandha waos, saha huruf kapital ingkang kirang trep. Wonten *aspek* kesesuaian isi saking *tahap pratindakan* dumugi *siklus II* menika indhakaknipun 1,16 kanthi *prosentase* 3,7%.

DUDUTAN SAHA PAMRAYOGI

Mindhaking panaliten *tindakan* kelas menika saged dipunmangertosi wonten *proses* pasinaon, asiling praktek nyerat teks pacelathon unggah-ungguh Jawi kanthi ngginakakaken *media pop up* kados andharan ing ngandhap menika :

1. (a) siswa langkung greget nalika ndherek pasinaon nyerat teks pacelathon unggah-ungguh saha langkung nggatosaken andharan *materi* saking guru ; (b) siswa langkung *aktif* anggenipun suka pitakenan, suka pamanggih saha mangsuli pitakenan saking guru, bab menika saged dipunpirsani nalika siswa rebutan nalika dipundhawuhi suka pitakenan dhateng guru ; (c) siswa langkung gampil anggenipun *mahami* unggah-ungguh, bab menika saged dipunpirsani nalika siswa menika tumemen menawi dipundhawuhi nggarap *soal tes pemahaman* unggah-ungguh, saha anggenipun nggarap *soal* menika saged rampung langkung cepet ugi leres ; (d) siswa katingal langkung remen saha gambira nalika praktek nyerat teks pacelathon unggah-ungguh kanthi ngginakaken *media pop up*.
2. Biji rata-rata praktek kaprigelan nyerat teks pacelathon unggah-ungguh siswa ing *tahap pratindakan* menika agengipun 5,91 kanthi *prosentase* kasiling asil 12,5%. Dene wonten *siklus I* agengipun 7,19 kanti *prosentase* kasiling asil 43,37%. *Siklus II* agengipun 8,83 kanthi *prosentase* kasing asil 93,75%. Adhedhasar biji kasebat, saged dipunpendhet dudutan bilih saking *tahap pratindakan* siswa antuk 5,91, dene biji rata-rata ingkang

dipunantuk siswa ing *siklus II* menika agengipun 8,83. Pramila saking *tahap pratindakan* ngantos *siklus II* menika biji ingkang sampun mindhak utawi kagayuh kanthi agengipun 2,92 utawi 49,5%. Panaliten tindakan kelas menika kagayuh utawi kasil.

3. Biji rata-rata *tes pemahaman* unggah-ungguh siswa ing *tahap pratindakan* menika pikantuk 46,88 kanthi *prosentase* kasiling asil 9,38%; wonten *siklus I* pikantuk 62,8 kanthi *prosentase* asil 46,9%; saha wonten ing *siklus II* pikantuk 88,13 kanthi *prosentase* asil 96,8%. *Prosentase* nedahaken gunggunging siswa ingkang sampun tuntas KKM. Pramila saking *tahap pratindakan* ngantos *siklus II* menika biji sampun mindhak agengipun 41,25. Panaliten tindakan kelas menika kasil.

IMPLIKASI

Panaliten *tindakan* kelas ingkang ancasing kangge ngindhakaken ketrampilan nyerit teks pacelathon unggah-ungguh siswa wonten SMP N 3 Pajangan kanthi ngginakaken *media pop up* menika sampun kasil. Asiling panalite menika gadhah *implikasi* kados mekaten.

1. *Media pop up* saged dipundadosaken minangka *alternatif media* wonten ing pasinaon nyerit teks pacelathon unggah-ungguh, saha saged nambahi gregetipun siswa nalika pasinaon nyerit teks pacelathon unggah-

ungguh. *Media pop up* saged dipundadosaken *media* pasinaon kangge ngindhakaken kaprigelan nyerit teks pacelathon unggah-ungguh siswa.

PAMRAYOGI

Pamrayogi adhedhasar panaliten *tindakan* kelas menika kados mekaten.

1. Guru kedah langkung nggatosaken siswanipun, supados pasinaon langkung *kondusif* saha ancasing pasinaon ingkang dipunlampahi saged kagayuh.
2. Guru saenipun ngginakaken *alternatif media*, kados *media pop up* minangka *media* pasinaon kaprigelan nyerit teks pacelathon unggah-ungguh Jawi. *Media* menika saged biyantu siswa kangge ngasilaken karya arupi teks pacelathon unggah-ungguh kanthi langkung gampang anggenipun kagiyatan nyerit. Siswa ugi langkung aktif/semangat wonten ing pasinaon menika.
3. Kedah wonten *kolaborator* panaliten langkung saking setunggal supados asiling *pangamatan* menika langkung tliti.
4. Kangge pihak sekolah, panaliten menika dipunajib saged dipunginakaken kangge ningkataken kualitas *proses* pasinaon wonten ing sekolahan.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. (2006). *Prosedur Penelitian Suatu Pendidikan Praktik*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Arikunto, Suharsimi dkk. (2006). *Penelitian Tindakan Kelas*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Arysad, Zhar. 2010. *Media Pembelajaran*. Jakarta: Rajawali Press.
- Djuanda, Dadan. (2006). *Pembelajaran Bahasa Indonesia Yang Komunikatif dan Menyenangkan*. Jakarta: Depdiknas, Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi. Direktorat Ketenagaan.
- Endraswara, Suwardi. (2008). *Budi Pekerti Jawa*. Yogyakarta : Gelombang Pasang
- Harjawiyana, dkk. (2001). *Marsudi Ungguh-Ungguh Basa Jawi*. Yogyakarta : Kanisius
- Hadiwidjana, R.D.S (1967). *Tata Sastra*. Djogja: U.P Indonesia
- Nurgiyantoro, Burhan. (2001). *Penilaian Dalam Pembelajaran Bahasa dan Sastra*. Yogyakarta: BMFE.
- Madya, Suwarsih. 1994. *Panduan Penelitian Tindakan*. Yogyakarta : Lembaga Penelitian IKIP Yogyakarta
- Mh, Yana. (2010). *Falsafah Pandangan Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta : Absolut
- Moleong, Lexy J. (2002). *Metodelogi Penelitian Kualitatif*. Bandung : Remaja Rosda Karya.
- Rw, Werdoyo Yudo Wirya, (2013). *Dari Sastra Carita Menjadi Sastra Cetha*. Yogyakarta : Kepel Press
- Rivai, Sudjana. (2002). *Media Pengajaran*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.
- Sanaky, Hujair. 2013. *Media Pembelajaran Interaktif – Inovatif*. Yogyakarta : Kaukaba Dipantara
- Sadiman, Arief dkk. 2009. *Media Pendidikan* Jakarta : Rajawali Pers.
- Sudaryanto, dkk (1995). *Pelaksanaan Penilaian Karangan Siswa Sekolah Dasar. Laporan Penelitian*. IKIP Yogyakarta.
- Sudijono, Anas. (2010). *Pengantar Statistik Pendidikan*. Jakarta: Rajawali Press.
- Tarigan, Henry Guntur. (1985). *Media Sebagai Suatu Kerampilan Berbahasa*. Bandung : Angkasa
- Wiriadmadja, Rochiati, (2009). *Metode Penelitian Tindakan Kelas*. Bandung : PT Resmaja Rosda Karya.